QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 226-52-47
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«16» апрель 2021 j. 02-02/4-1923 - sanlı

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Әдиллик министри**
**С. Мамбеткадыровқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге Нөкис қаласы, «Саманбай» МПЖ, Манғыт көшеси, 17-жайда жасаўшы **Өтегенова Ақсуңгил Даўлетбаевна**ның Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимине карaслы 29-санлы улыўма билим бериў мектебиниң директоры С.Даўлетназарованың нызамсыз ис-ҳәрекетлери туўралы ҚР Әдиллик министрлигине жазған жазба мүрәжаты бойынша төмендегилерди мәлим етип билдиреди:

А. Өтегенованың жазба мүрәжаты бойынша министрлик тәрепинен исши топар қурамы дүзилип, 2021-жыл 14-апрельден баслап 2(кун) мүддет ишинде мүрәжатта келтирилген фактлер үйренип шығылды ҳәм нәтийжеде төмендегилер анықланды:

**1.** Мектепте орта арнаўлы мағлыўматқа ийе баслаўыш класс муғаллимлери Даўекеева Тамара, Жақсымуратова Бағжан, Бегжанова Гулпаршын ҳәм Базарбаев Бахтиярлар қәнигелиги сәйкес келмеседе, баслаўыш ҳәм жоқары классларға сабақ берип, табель дүзилип, бир неше жыллар даўамында мәмлекет тәрепинен айлық ис-ҳақылар берилип келинбекте, делинген.

Үйрениў барысында, ҳақыйқатында да мектеп директоры С. Даўлетназарова тәрепинен **орта арнаўлы мағлыўматқа ийе баслаўыш класс муғаллимлери** Даўекеева Тамара, Жақсымуратова Бағжан, Бегжанова Гулпаршын ҳәм Базарбаев Бахтиярларға өз қәнигеликлери бойынша ҳәптелик жүклемелер белгилеўде нызам бузыўшылықларға жол қойылған.

**Атап айтқанда, Даўекеева Тамара** 1991-жылы Нөкис педагогикалық училищесиниң баслаўыш классларды оқытыў қәнигелигин питкерген. 2018-2019, 2019-2020, 2020-2021-оқыў жыллары даўамында баслаўыш классларда музыка мәденияты пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базалық тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келинген. Солай етип, Т. Даўекееваға 2019-жыл даўамында 1а-, 2а-, 3а-, 4а-классларда 4 саат ҳәптелик

жүклеме менен музыка мәденияты пәнине қәнигелиги сәйкес келмеседе сабақ берилип, оған мәмлекет бюджетинен 5 916 306 *(бес миллион тоғыз жүз он алты мың үш жүз алты)* сўм ис төлеп берилген.

**Бунда, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 10-августтағы «Баслаўыш класс муғаллимлерине улыўма орта билим бериў мектеплеринде баслаўыш классларда оқытылатуғын рус тили, шет тили, музыка мәденияты пәнлеринен сабақ берилиўине жол қойылмайды» деген №03-02/1-1807-санлы хатында көрсетилген талаплар бузылған.**

**Жақсымуратова Бағжан** 1999-жылы Нөкис педагогикалық училищесиниң баслаўыш классларды оқытыў қәнигелигин питкерген.

2018-2019, 2019-2020, 2020-2021-оқыў жыллары даўамында 1-4- ҳәм 5-11-классларда өзбек тили *(мәмлекетлик тил)* пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базалық тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келинген. Деген менен Б. Жақсымуратованың қәнигелиги сәйкес келмеседе, сондай-ақ, қайта таярлаў курсынан өткен сертификатқа ийе болмасада ҳәмде жоқары классларды оқытыў ҳуқықына пүткиллей ийе емес екенлигине қарамастан, 1-11-классларда өзбек тили *(мәмлекетлик тил)* пәнинен **2018-жылдың** январь айында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат, ал, сентябрь-декабрь айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат, жоқары классларда *(5-11-класслар)* ҳәптелик 12 саат, жәми 18 саат жүклеме менен, **2019-жылдың** январь-август айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат, жоқары классларда *(5-11-класслар)* ҳәптелик 12 саат, жәми 18 саат жүклеме менен, ал, сентябрь-декабарь айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат, жоқары классларда *(5-11-класслар)* ҳәптелик 4 саат, жәми 10 саат жүклеме менен, 2020-жыл январь-август айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат, жоқары классларда *(5-11-класслар)* ҳәптелик 14 саат, жәми 20 саат жүклеме менен, ал, сентябрь-декабарь айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* 6 саат, жоқары классларда *(5-11-класслар)* 4 саат, жәми 10 саат ҳәптелик жүклеме менен, 2021-жыл январь-март айлары аралығында баслаўыш классларда *(1-4-класслар)* ҳәптелик 6 саат жүклеме менен сабақ берилген ҳәм мәмлекет бюджетинен жәми 66 049 668 *(алпыс алты миллион қырық тоғыз мың алты жүз алпыс сегиз)* сўм айлық ис ҳақы төленген.

**Бегжанова Гулпаршын** 1986-жылы Нөкис педагогикалық училищесиниң 4-8-классларда мийнеттен оқытыў қәнигелигин питкерген.

2018-2019, 2019-2020, 2020-2021-оқыў жыллары даўамында 1-4- ҳәм 5-11-классларда технология пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базалық тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келинген. Деген менен, Г.Бегжанова 4-8-классларда мийнеттен оқытыў

қәнигелигине ийе болыўына қарамастан, жоқары 9-класста ҳәптелик 1 (бир) саат жүклеме менен сабақ берилген ҳәм мәмлекет бюджетинен жәми 3 398 200 *(3 миллион үш жүз тоқсан сегиз мың еки жүз)* сўм айлық ис ҳақы төленген.

Базарбаев Бақтияр 2007-жылы **Нөкис педагогикалық колледжиниң** баслаўыш классларда дене тәрбиясын шөлкемлестириў қәнигелигин питкерген.

**Мектепте дене тәрбиясы пәни бойынша кадрға зәрүрлик болмасада** мектеп директоры С. Даўлетназарова күйеўиниң иниси, яғный, туўысқан қәйниси Б. Базарбаевти педагогикалық колледжди питкергенине қарамастан 2018-жылы баслаўыш классларда ҳәптелик 4 саат, 2019-жылы баслаўыш классларда ҳәптелик 6 саат, 2020-жылы баслаўыш классларда ҳәптелик 6 саат, 2021-жылы баслаўыш классларда ҳәптелик 4 саат жүклеме менен сабақ берген.

Буннан қала берсе, мектепте дене тәрбиясы пәни бойынша жоқары мағлыўматлы, 24 жыл педагогикалық стажға ийе Оразов Сейфуллаға ҳәптелик 13 саат жүклеме сабақ берилген.

Солай етип, мектеп директоры С. Даўлетназарованың өз лаўазым шеңбериндеги ўазыйпаларына суўыққанлық пенен қарағанлығы болса, ал, районлық халық билимлендириў бөлими баслығы Т. Оразбаев тәрепинен нызамсыз ҳәрекетлердиң алдын алыў бойынша қадағалаўдың болмағанлығынан дәрек береди.

**2.** Мектеп директоры С. Даўлетназарованың көрсетпеси менен ҳәр қыйлы нәрселерди бәнелеп 6 (алты) педагог хызметкерден 50 000 сўмнан *(А. Өтегенова, З. Бердимуратова, А. Юлдашева, Ҳ. Оразбаева, Ж. Турдыбаев, А. Мамутов)*, сондай-ақ, Нөкис районлық прокуратурасынан тексериў келеди деп 6 (алты) педагог хызметкерден *(Б.Аметов, Б.Базарбаев, Г.Машерипова, А.Жиемуратова, М.Сабуров, Р. Кукленова )* 100 000 сўмнан өзиниң пластик картасына өткерип алған, соның менен бирге, мектеп ремонты ушын 2020-жылдың июнь-июль айларында 6(алты) хызметкерден *(Б.Жақсымуратова, Г.Машерипова, Ж.Утемуратова, Қ.Айтмуратова, М.Сабуров, Б.Даўжанова)* 70 000 сўмнан химия пәни муғаллими Ҳ. Оразбаеваның пластик картасына өткерип алды, делинген.

Үйрениў барысында, жоқарыдағы аты көрсетип өтилген педагог ҳәм тех. хызметкерлер А. Юлдашева, Х. Оразбаева, З. Бердимуратова, Ж. Турдыбаев, А. Жиемуратова, М. Сабуров, К. Айтмуратова, Б. Жақсымуратова, Ж. Утемуратова, Б. Даужанова, А. Сарыбаевалар, мектеп директоры С. Даўлетназароваға пул бермегенлигин, яғный, мектепте пул жыйнаў болмағанлығын ҳәмде директорға хеш қандай даўы жоқ екенлигин өз түсиник хатларында билдирип өтти.

Деген менен мектептиң муғаллимлери Ж. Утемуратова, М. Сарсенгалиев исши топар тәрепинен А. Өтегенованың телефонындағы аудио жазыўларды еситтиргенин ҳәм онда жыйналыс болып атырғанлығын, жыйналыста пул жыйнаў ҳаққында сөз болғанлығын, бирақ бунның қашан болғанлығын билмейтуғынлығын, сондай-ақ, мектептиң химия пәни муғаллими Ҳ. Оразбаева черный касса, той-

мереке ҳәм өз бизнесимнен түскен пулларды жыйнайтуғын едим деп түсиник хатларын берген.

Бул жағдай ҳақыйқатында да мектепте мектеп директоры С.Даўлетназарованың басшылығында ҳәр қыйлы себеплер менен пул жыйналатуғынынан дәрек бермекте.

**3.** Мектеп директоры С. Даўлетназарова өз қарамағына көп санлы ағайын, таныс-билислерин жумысқа алып қойыпты *(Базарбаев Султан-директордың күйеўи, Базарбаев Бахтияр-директордың туўысқан қәйниси, Алланиязова Рита-директордың қәйнисиниң ҳаялы, Даўлетназаров Шакир-директордың иниси, Дуржанова Бийбигүл-директордың туўысқан инисиниң ҳаялы, Дуржанов Даўлеталий-директордың туўысқан қуда баласы, Даўжанов Муратбай-директордың туўысқан қуда баласы, Мырзамбетова Хамида-Даўжанов Муратбайдың ҳаялы,директордың қудаша келини)*, делинген.

Үйрениў барысында, ҳақыйқатында да жоқарыда аты көрсетилген адамлар мектеп директоры С. Даўлетназарованың туўысқанлары ҳәм ең жақынадамлары екенлиги тастыйықланды.

Атап айтқанда, Базарбаев Султан-директордың күйеўи, мектепте 1 штат қараўыл, Базарбаев Бахтияр-директордың туўысқан қәйниси, мектепте колледж питкергенине қарамастан дене тәрбиясы пәни муғаллими, Алланиязова Рита-директордың қәйнисиниң ҳаялы, мектепте 0,5 штат пол жуўыўшы, Даўлетназаров Шакир-директордың иниси, мектепте 1 штат қараўыл ҳәм 0,5 штат от жағар, Дуржанова Бийбигүл-директордың туўысқан инисиниң ҳаялы, мектепте 1 штат сипсекеш ҳәм 0,5 штат қараўыл, Дуржанов Даўлеталий-директордың туўысқан қуда баласы, мектепте 0,5 штат қараўыл ҳәм 0,5 штат от жағар, Даўжанов Муратбай-директордың туўысқан қуда баласы,мектепте 1 штат мәўсимли от жағар, Мырзамбетова Хамида-Даўжанов Муратбайдың ҳаялы, директордың қудаша келини, мектепте 0,5 штат кадрлар бойынша менеджер болып ислейди.

С. Базарбаев, Р. Аланиязова, Х. Мырзамбетова, Б. Базарбаев, Б. Дуржанова, Д. Дуржановлар бул фактлерди өз түсиник хатларында тастыйықлады ҳәм ҳақыйқатында да аўыл пуқаралары бир-бири менен ағайиншилиги бар екенлигин ҳәм жумыста бурыннан ислеп киятырғанлығын келтирип өтти.

**4.** Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 168-статьясы 3-бөлими "з" бәнтинде көрсетилген қәўипли рецидив жынаятын қастан ислегени себепли 3 жыл 6 ай мүддетке азатлықты шеклеў жазасы тайынланған, усы жазаны ҳәзирги ўақытта өтеп атырған болыўына қарамастан Нөкис районлық халық билимлендириў бөлиминде *юрист лаўазымында* ислеп атыр. (ҳәзирги ўақытта декрет дем алысында). Бул лаўазымға М. Оразымбетованың ислеўи нызам талапларына қайшы келеди. Буған районлық халық билимлендириў бөлиминиң баслығы Т. Оразбаев жуўапкер деп есаплайман, делинген.

Үйрениў барысында, Нөкис районлық халық билимлендириў бөлиминиң юристи М. Оразымбетова Нөкис районы жынаят ислери бойынша суды тәрепинен

**Үйрениў барысында,** Нөкис районлық халық билимлендириў бөлиминиң юристи М. Оразымбетова Нөкис районы жынаят ислери бойынша суды тәрепинен үзил-кесил 1 (бир) жыл мүддетке мәмлекетлик кәрхана, мәкеме, шөлкемлерде, сондай-ақ, мәмлекеттиң үлеси бар шөлкемлерде шөлкемлестириў-басқарыў лаўазымларында ислеў ҳуқықынан айырылып, 3 (үш) жыл 6 (алты) ай мүддетке азатлықты шеклеў жазасы тайынланған. Бирақ ҳәзирги ўақытта декрет дем алысында болыўына байланыслы Нөкис районлық халық билимлендириў бөлиминиң юристи лаўазымынан босатыў имканияты болмаған.

Жуўмақлап айтқанда, Сиз өзиңиздиң ҚР Халық билимлендириў министрлиги ҳәм ҚР Әдиллик министрлигине жоллаған мүрәжатыңыздағы келтирилген фактлердиң айырымлары тастыйықланып, айырымлары тастыйықланбады.

Тастыйықланған фактлерде мектеп директоры С. Даўлетназарова тәрепинен қопал қәте-кемшиликлерге жол қойылғанлығы мәлим болды. Сонлықтан тастыйықланған фактлер бойынша министрликтиң адвокат/юристи менен ойласылған ҳалда қабыл етилген шешим туўралы Сизге жазба түрде мәлим етилетуғынлығын билдиремиз.

Егер берилген жуўаптан қанаатланбасаңыз. жоқары турыўшы шөлкемлерге мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлигин билдиремиз.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** Қ. Бекбаулиев

*Мағлыўматты таярлаған:* *А. Еримбетов*

***16. 04. 2021 ж.***

**Нөкис қаласы, «Саманбай» МПЖ, Маңғыт көшеси, 17-жай турғыны, Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары А. Өтегенованың Қарақалпақстан Республикасы Адиллик Министрлигине жоллаған жазба мүрәжаты бойынша Министрликтин исши топары тәрепинен үйрениў жумысларының нәтийжеси туўралы**

**мағлыўмат.**

Нөкис қаласы, «Саманбай» МПЖ, Маңғыт көшеси, 17-жай турғыны, Нөкис районлық Халық билимлендириў бөлимине қараслы 29-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң оқыў ислери бойынша директор орынбасары А. Отегенованың Қарақалпақстан Республикасы Адиллик Министрлигине жоллаған жазба мүрәжаты бойынша министрликтиң исши топары тәрепинен мүрәжатта көрсетилген фактлерди үйрениў барысында төмендегилер анықланды:

1. Мүрәжатта Тамара Даўекеева, Бағжан Жақсымуратова, Гулпаршын Бегжанова ҳәм Бахтияр Базарбаевлар орта арнаўлы мағлыўматқа ийе *(баслаўыш классларға сабақ бериў ҳуқықына ийе муғаллимлер)* болыўына ҳәм қәнигелиги сәйкес келмеўине қарамастан жоқары классларға (5-11 класлар) сабақ берип сабақ берип ҳәм оған айлық төленип келинбекте, делинген.

Ҳақыйқатында да Даўекеева Тамара 1991-жыл Нөкис Педагогикалық училищесиниң баслаўыш классларды оқытыў қәнигелигин питкерген. Даўекеева Тамараға 2018-2019 ҳәм 2020-2021- оқыў жылы аралығында баслаўыш классларда мектеп тарификациясына орта арнаўлы базавый тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келмекте. Бирақ 2019-жыл даўамында баслаўыш 1-а, 2-а, 3-а, 4-а классларда музыка пәнинен қәнигелиги туўры келмесе де оқытқан. Туўры келмеген сабақларына 2019-жыл даўамында 5916306(бес миллион тоғыз жүз он алты мың үш жүз алты) сўм ис ҳақы төленип берилген Солай етип Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 10-августтағы 03-02/1-1807-санлы хатында көрсетилген «Баслаўыш класс муғаллимлерине улыўма билим бериў мектеплеринде баслаўыш класларда оқытылатуғын рус тили,шет тили, музыука мәденияты пәнлеринен сабақ берилиўине жол қойылмайды» деген талап бузылған.

Базарбаев Бахтияр 2007-жыл Нөкис Педагогикалық колледжиниң баслаўыш классларда дене тәрбиясын шөлкемлестириў қәнигелигин питкерген. Базарбаев Бахтияр 2018-2019 ҳәм 2020-2021 оқыў жылы аралығында баслаўыш класларда дене тәрбиясы пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базавый тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келмекте.

Бегжанова Гулпаршын 1986-жыл Нөкис Педагогикалық училищесиниң 4-8 класларда мийнеттен оқытыў қәнигелигин питкерген. Бегжанова Гулпаршынға 2018-2019, 2019-2020 ҳәм 2020-2021 оқыў жылы аралығында 1-4- ҳәм 5-11 классларда технология пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базавый тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келмекте. Деген менен

9-классларда мийнеттен оқытыў қәнигелигине ийе болмаўына қарамастан, 9-класларда технология пәнинен 2018-2019, 2019-2020 ҳәм 2020-2021 оқыў жыллар аралығында оқытып келген. Туўры келмеген сабақларына 2019-2020, 2020-2021 оқыў жыллары даўамында 3398200 (үш миллион үш жүз тоқсан сегиз мыңеки жүз) сўм ис ҳақы төленип берилген. Солай етип Г.Бегжанова дипломында көрсетилмеген классларда сабақ берип, нызам бузыўшылыққа жол қойылған.

Жақсымуратова Багжан 1999-жыл Нөкис Педагогикалық училищесиниң басалаўыш класларды оқытыў қәнигелигин питкерген. Жақсымуратова Багжанға 2018-2019, 2019-2020 ҳәм 2020-2021 оқыў жылы аралығында 1-4- ҳәм 5-11 классларда өзбек тили пәнинен мектеп тарификациясына орта арнаўлы базавый тариф ставкасы менен бекитилип берилген ҳәм төленип келмекте. Деген менен баслаўыш ҳәм жоқары классларда өзбек тилинен оқытыў қәнигелигине ийе болмасада (қайта таярлықтан өтпеген) 2018-2019, 2019-2020 ҳәм 2020-2021 оқыў жылы аралығында сабақ берип келген. Туўры келмеген сабақларына 2018-2019, 2019-2020, 2020-2021 оқыў жыллары даўамында 66 049 668 (алпыс алты миллион қырық тоғыз мың алты жүз алпыз сегиз ) сўм ис ҳақы төленип берилген.

Солай етип Б.Жақсымуратоваға қәнигелиги болмаса да мектеп басшылары тәрепинен сабақ берилип, нызам бузыўшылыққа жол қойылған

Қосымша: (Аты көрсетилген муғаллимлердиң диплом нусхалары, мектептиң бекитилген 2018-2019, 2019-2020, 2020-2021 жыллардағы сентябрь айындағы тарификация нусхасы, 2018-2019, 2019-2020, 2020-2021 жыллардағы табеллер нусхалары, 2018-2019, 2019-2020, 2020-2021 толенген хаққындағы мағлыўматнама (расчетный лист), Нөкис районы ХББ ниң бас экономисти Г.Бердsymbol хаты) қоса тигиледи

**Мағлыўматнаманың дурыслығына қол қойыўшылар:**

| | |
|---|---|
| А. Еримбетов | ҚР Халық билимлендириў министрлиги хызмет бөлими баслығы |
| Т. Қунназаров | Кегейли районлық ХББ бас есапшы орынбасары |
| П. Қалилаев | Нөкис қаласы 7-санлы мектептиң оқыў ислери бойынша директор орынбасары |
| А. Төрешов | Нөкис районлық ХББ бас есапшысы |
| Г. Берданова | Нөкис районлық ХББ бас экономисти |

14.04.2021 ж.